

Rubrik "Calon Pengarang" Majalah Jaya Baya  
Minangka Sarana Nggrengsengake Ngarang Basa Jawa  
Tumrap Siswa SD Lan SMP

Widodo Basuki  
Redaktur Pelaksana, Majalah Jaya Baya

---

**Abstrak**

Wacan lan ajang nulis kanggo bocah-bocah ing bebrayan Jawa kena diarani kurang banget. Saliyane ora ana majalah kang mligi kanggo bocah-bocah, majalah basa Jawa kang ana (Jaya Baya, Panjebar Semangat, Djoko Lodang) pancen nduweni rubrik sing ancase kanggo bocah, contone "Taman Putra" (Jaya Baya), "Wacan Bocah" (Panjebar Semangat lan Djoko Lodang) sing diarahake kanggo wacan bocah-bocah.

Nanging emane, kajaba mung cumpen panggone, dongeng utawa crita mau luwih akeh pengarangé wong dewasa. Basa kang digunakake uga gayane wong dewasa. Dene bocah mung dadi "pembaca" wae. Iki kang njalari bocah dadi pasip, ora wani nulis crita sing gegayutan karo donyane bocah dhewe merga wedi tulisane ora laras karo pikirane wong dewasa.

Kanthi kahanan kaya katur ing ndhuwur, wiwit taun 2006 majalah Jaya Baya mbukak rubrik "Calon Pengarang", kang mligi nampung karyane siswa SD lan SMP. Isi critane iya kang dialami bocah-bocah dhewe, digawe dadi pengalaman lucu, arupa guritan, tembang lan liya-liyane. Ing pangajab kanthi rubrik "Calon Pengarang" bisaa ndadekake bocah dadi "subyek" kang ora wedi ngetokake uneg-uneg lan pengalamane wujud karangan nggunakake basa Jawa salaras karo "kosa kata" utawa ukara-ukara basa Jawa kang dingerteni.

Asil karangan kiriman saka bocah-bocah maneka warna tema lan cakrike, bisa dadi bahan kajian sastra kanggo bocah-bocah. Uga bisa kanggo inspirasi lan "strategi" pembelajaran sastra utamane kanggo mbentuk budi pekerti, unggah-ungguh basa, lumantar kabisan lan nulis nggunakake basa Jawa.

**A. PAMBUKA**

Basa Jawa kanggo bocah-bocah, utamane sing wis ngancik siswa SD lan SMP, trep banget lamun antuk kawigaten mirunggan. Kanyatan kang bisa diprangguli ing bebrayan Jawa saiki, diakoni apa ora, kawigaten gegayutan karo basa Jawane bocah-bocah, isih kurang banget. Kejaba pancen disebabake krana kurange minat memaca wacan sing migunakake basa Jawa, uga disebabake kurange medhia utawa panggonan kanggo lelumban lan macak karyane bocah-bocah. Wacan sing arupa buku crita basa Jawa mligine kanggo bocah, prasasat ora ana babar pisan. Yen ta ana, iku mung arupa sisane buku-buku lawas sing isih kesingsal, utawa bisa nemokake ing pasar loakan buku-buku lawas. Utawa yen ana siji loro, ing Jawa Timur, contone: arupa buku-buku crita rakyat daerah-daerah ing Jawa Timur ( terbitan PT Grasindo taun 2008) kerja bareng karo Pengarang Sastra Jawa Surabaya (PPSJS) sing sateruse ora ana kabar kawusanane. Iku wae uga ora sebandhing karo kabutuhan. Pancen, isih ana majalah basa Jawa kang isih urip kang nduweni rubrik-rubrik kang pangarep-arepe ditujokake kanggo wacan bocah, contone Majalah Jaya Baya ana rubrik “Taman Putra”, Penjebar Semangat lan Djaka Lodang nduwe rubrik “Wacan Bocah”. Nanging yen dijlimeti, nyatane kang nulis ing rubrik “Taman Putra” utawa “Wacan Bocah” iki, wong dewasa. Arang banget, kapara malah ora ana karangan sing ditulis dening bocah/siswa sekolah. Dadi, anane rubrik “Taman Putra” apadene “Wacan Bocah” iki ndadekake bocah mung dadi “pembaca” pasif. Pembaca sing ora nduweni krenteg nulis apa sing dipikirake dadi sawijining karangan, merga rumangsa tulisan basa Jawane kalah yen dibandhingake asil karyane wong dewasa. Saliyane iku pikiran-pikirane iya beda karo wong dewasa.

Yen dibandhingake karo taun-taun sadurunge 1970-an, babagan wacan lan grengseng nulis Jawa saiki adoh banget sungstate. Dhek semana isih akeh diprangguli buku wacan basa Jawa, kejaba iki uga disengkuyung pelajaran basa Jawa ing pamulangan sekolah (klasikal) kang nduweni jam pelajaran luwih omber katimbang pelajaran etung, maca, lan liya-liyane. Saliyane wacan lan pelajaran ing sekolah (klasikal), uga disengkuyung kahanane basa Jawa minangka minangka basa pacelathon (komunikasi padinan) ing bebrayan Jawa lan ing tingkat kulawarga isih kuwat. Ing tingkat keluarga, antarane anak lan wong tuwa akrab nggunakake basa Jawa.

Simbah utawa wong tuwa isih nduweni kalodhangan ndongengi putrane sadurunge turu. Bab-bab kang isine tepa palupi, tepa tuladha utawa sinebut “nilai-nilai luhur” kang gegayutan karo pembentukan watak lan budi

pekerti bisa wae disisipake lumantar dongeng utawa crita kang bisa diwaca lan dirungokake mau. Biasane ing sela-selane ndongeng mau, njur diselingi tembang. Contone nalika nyritakake lelakone Jaka Tingkir, sang pendongeng uga nembangake tembang “Sigra Milir” sing nyaritakake lelakon nalika gethek kang ditumpangi Jaka Tingkir kudu disurung bajul (baya) 40 cacah ing kanan kering. Modhel ndongeng sing disengkuyung tembang iki, nadyanta yen dipetung mung sacuplik, nanging nyatane bisa nabet ing ati nganti bocah mau wis ngancik dewasa. Lan njilmakake jaman cilikan mau dadi kenangan manis sing isih bisa dicritakake marang para putrane. Ora nggumunake yen basa Jawa isih nduweni kalungguhan penting tumrap bocah-bocah. Basa Jawa bisa kanggo sarana ngetokake gagasan, pikiran, rasa, sarta pengalaman, lan liya-liyane.

## **B. KAHANAN BASA JAWA TUMRAP BOCAH JAMAN SAIKI**

Kahanan basa Jawa tumrap bocah saiki wis ora bisa dipadhakake karo jaman wong tuwa-tuwa ndhisik. Ajuning teknologi informasi menahi andhil kang cukup gedhe kang ngadohake saka pacelathon basa Jawa, apamaneh ing tingkat keluarga anyar sing wis ora nggunakake basa Jawa minangka alat komunikasi padinan, amarga lingkungane uga saka manekawarna suku bangsa sing basane beda-beda. Utawa ana sawatara remaja sing nganggep manawa apa wae sing raket karo tradhisi, kalebu basa Jawa, iku dianggep wong-wog “jadul” (jaman dulu) sing ketinggalan jaman.

Nalika taun 2008 ing Kota Surabaya, ana program kang dijenengi “Java Day” dening Kepala Dinas Pendidikan (nalika iku diasta, Drs Sahudi, M.Pd) sing diwedharake ing Surat Dinas No.4-21.2/0123/436.5.6/2008. Isine arupa majibake ing sekolah-sekolah kudu nggunakake basa Jawa, sedina sajroning seminggu. Ning nyatane apa program iku bisa lumaku temenan? Saka jenenge sing “Java Day” iku wae wis nuduhake yen “ora njawani” dadi yen asile kurang nyenengake ya ora perlu diluputake. Ora mung ing Surabaya wae, ning ing daerah-daerah liyane iya ana program madha rupa kaya mangkono. Kalebu ing Kabupaten Pacitan uga gawe program “Sedinten basa Jawi”, ning apa ya dicakake temenan? Lan kepriye asile? Nyatane cak-cakane utawa prakteke padha ora bisa lumaku samesthine. Akeh banget sing dadi pepalange.

Kanyatan kang ana ing lapangan, ora bisa diselaki lamun ta kaya dumadi ing Surabaya, upamane, ora bisa dipadhakake kaya kang ana ing Jawa Tengah utawa wilayah Daerah Istimewa Yogyakarta, sing nduweni etnis Jawane luwih akeh (homogen), dene ing Surabaya

dumadi manekawarna etnis. Tur maneh basa Jawa sing digunakake, ana sing ngarani basane basa “Jawa Surabayan” utawa “Suroboyo-an” sing mujudake Sub-Dialek basa Jawa. Ing wilayah Surabaya – Sidoarjo ora aneh lan nggumunake manawa bocah ora bisa mbedakake “d” (da) lan “dh” (dha), apamaneh diucapake kanthi basa Jawa sing medhok. Ananging sing nggumunake, ing Surabaya isih ana penerbitan majalah basa Jawa sing isih tetep sempulur nganti tumekane saiki, yaiku majalah “Jaya Baya” lan “Panjebar Semangat”. Dene ing di Jawa Tengah dan DIY, mung ana majalah “Djaka Lodang” sing oplahé uga ora patiya gedhe yen dibandhingake kang ana ing Surabaya.

Pitakonan kang ana, terus arep nggunakake basa Jawa sing kepriye? Kepriye basa Jawane bocah-bocah SD lan SMP ing Surabaya? Sing kudu dipahami, basa padinan bocah-bocah Surabaya anggone nulis basa Jawa mau isih kena pengaruh basa “lisan” utawa adhedhasar kang diucapake. Contone umpamane, tembung “mulih” bisa ditulis: mole’, moleh, atau muleh

- “Mas-mu kerja neng endi, kok durung mulih..”- “Cacak-mu kerja ndhuk endi, kok gorung mole....”
- Tembung “putih” ditulis “pote, puteh, poteh”. Kata “pitik” ditulis “petek, pitek...”
- “Pitike wulune putih...”
- “Peteke wulune pote”

Saliyane prabeda ing babagan “pengucapan” uga ana kang asring iku asring ana sing oba bisa mbedakake antarane huruf “o” lan “a”, utawa “th” karo “t” uga “dha” lan “d”.

Asring diprangguli ing spandhuk-spandhuk kaya kang nate dipasang ing spanduk lalu lintas ing sacedhake lampu merah rolak Gunungsari, Surabaya, ditulis kanthi nggunakake gaya “parikan” (pantun), mangkene : Jambu klutuk jambu dursono. Sopir ngantuk buru ciloko. Iki sejatine salah sijine conto kepriye sejatine kahanane basa Jawa ing jaman saiki. Conto sing paling gampang ngenani basa Jawane bocah saiki, iku kaya katur ing ngisor iki. Bisa diwaos karangane Astrid Wiswandani, Kelas 9 D, SMPN 4 Surabaya iki mujudake karangan asli (durung diedit redhaksi):

## **PREIAN SEKOLAH**

Sawise nrima raport ing sekolahan, kula prei kale minggu. Kula mboten tindak ngendi-endi. Wektu preian kula bela sungkawa amarga paklik kula

kang padha sedih lan ora sareh. Kula nyare sedina lan mbiyantu nyiapake tahlilan lan kondur.

Sesuke kula tindak menyang Taman Safari Pasuruan. Kula tindak karo dhulur-dhulur kula. Kula budhal jam sanga esuk. Ing kono kula mirsani kewan-kewan lan mirsani atraksi kewan, yaiku lumba-lumba, gajah, harimau, lan liya-liyane. Kula mulih jam papat sore.

Sawise mulih, kula langsung turu. Kula silaturahmi menyang daleme eyang kula lan mundhut kaperluan sekolah liyane

Astrid Wiswandani  
Kelas 9 D, SMPN 4 Surabaya

Conto karangane Astrid Wiswandani ing dhuwur wis cukup nuduhake kayangapa angele bocah saiki anggone nggunakake basa lan ngetokake pikiran-pikiran ngenani pengalamane kanthi nggunakake basa Jawa. Basa Jawane katon yen campur adhuk antarane krama, ngoko lan ora bisa mbedakake “d” (da) lan “dh” (dha), iki sing dak aturake mbutuhake kawigaten mirunggan. Nanging nadyan kahanan basa Jawane bocah-bocah wis kaya ngene, iki isih begja banget.

Bocah isih gelem nulis lan migatekake iku isih nguntungake. Mula, kudune yen ana bocah sing isih gelem nulis basa Jawa kaya Astrid Wiswandani iki kalebu hebat, kudune njur dibombong, lan disengkuyung anane medhia, diakehake lomba-lomba sing bisa kanggo ajang lan lelumban kabisane ing babagan basa Jawa mau.

### **C. PROFIL RUBRIK “CALON PENGARANG” MAJALAH JAYA BAYA**

Ing kahanan basa Jawa kang kaya diandharake bocah-bocah sing kurang kapercayan marang basa Jawa, jaman saiki mbutuhake kuwanen lan kalonggaran kanggo panjurung bocah-bocah mau murih nyenengi basa Jawa, salah sijine yaiku “ngarang”. Kanthi gagasan kaya mangkono, ing Jaya Baya, wiwit taun 2006 dibukak rubrik anyar kanthi jeneng “Calon Pengarang”. Ing pangajab, yaiku: bocah-bocah (utamane siswa SD lan SMP) bisa-a ngirimake tulisan - tulisan arupa: geguritan, tembang, pengalamane lucu, lan liya-liyane. Sing penting lumantar rubrik iku menahi ajang kang ombor kanggo bocah-bocah kanggo ngetokake uneg-unege nggunakake basa Jawa. Siswa kang ngirimake ora perlu wedi basa

Jawane salah, sing penting ing kene kepriye murih padha seneng ajar nulis nggunakake basa Jawa.

Ing rubrik anyar kagn dijenengi “Calon Pengarang” iki katulis keterangan mangkene: Rubrik anyar iki mligi kanggo adhik-adhik pelajar sing pengin belajar nulis lan ngarang basa Jawa. Wujude tulisan bisa werna-werna, contone: saka crita pengalaman, wujud guritan, gagasan, tembang, lan crita-crita liyane. Syarate: tulisan mau kudu karangane dhewe, dawane setengah folio wae, lan aja lali, kudu nggunakake alamat sekolahane dhewe-dhewe.

Geneya kudu nggunakake alamat sekolahe? Iki kanthi pangajab prasaja, yaiku: murih ing mengkone yen ta karangane dimuat lan antuk nomer bukti majalah, bisa dikirimake menyang sekolahane, lan bisa diwaca dening kanca-kancane. Kanthi mangkono kanca-kancane para pengarang kang karangane bisa dimuat mau uga njur katut melu-melu ngarang basa Jawa lan dikirimake redhaksi Jaya Baya, dadine saya akeh calon-calon pengarang basa Jawa. Apa maneh yen ngerti ngarang mono ana honore, saiki honore yen karangane dimuat ing “Calon Pengarang” Rp. 40.000,- ( patang puluh ewu rupiyah).

Wiwit pertengahan taun 2006 nganti pertengahan taun 2011, ora kurang kurang 100 karya luwih kang bisa diemot ing rubrik “Calon Pengarang”, jalaran pemuatane bisane mung saben rong minggu sepisan, gantian karo rubrik “Album Taman Putra”. Iku wae kadhangkala isih dikalahake kanggo tulisan sambungan saka kaca liya. Wujude karangan kang dikirimake salaras karo kang katulis, uga manekawarna tulisan, arupa tembang, pengalaman lucu, lan arupa geguritan.

Kiriman karangan katampa redhaksi saka wilayah-wilayah ing Jawa Timur, Jawa Tengah, lan DIY, kayata saka: Surabaya, Mojokerto, Trenggalek, Kediri, Malang, Turen-Malang, Pare, Tulungagung, Madiun, Gresik, Caruban- Madiun, Saradan- Madiun, Sidoarjo, Pare-Kediri, Blitar, Ngawi, Karanganyar – Surakarta, Klaten, Laweyan, Juwana - Pati, Purwarejo-Kedu, Purbalingga, lan Semarang lan kutha-kutha liyane.

#### **D. ISI LAN TEMA KARANGAN ING “CALON PENGARANG”**

Saka cacah asil karangan ing rubrik “Calon Pengarang” wiwit 2006 – 2011 kang dijupuk kanthi acak watara 60 karangan, bisa dipantha-pantha adhedhasar tema lan isine, yaiku:

- 1) Bakti marang wong tuwa,
- 2) Ajaran kabecikan,
- 3) Bakti/atur panuwun marang guru,
- 4) Kekaguman marang alam lan kaendahan,
- 5) Pengalaman kang nyenengake,
- 6) Nresnani kewan lan tetuwuhan.
- 7) Pengalaman ala lan lucu,
- 8) Crita bab gegayuhan (cita-cita).

## 1. Bakti Marang Wong Tuwa

Tema lan isine karangan pranyata iya akeh kang nyritakake bab-bab sing gegayutan karo “unggah-ungguh”, bocah sing kudu bakti marang wong tuwa. Sing akeh rata-rata nandukake pangabakti marang marang wong tuwa, utamane marang ibu. Minangka conto bisa disemak ing guritan kirimane Wenny Nur, siswa SMPN Gondanglegi, Malang (JB. No. 30/Maret 2011):

I B U

Pira akehe dosaku

Pira suwene aku ngrepoti Ibu

Aku wis gawe Ibu susah

Aku wis gawe Ibu pegel

Polah tingkahku sing gawe lara atine Ibu

Sangang wulan ngandhung aku

Patbelas taun ngrawat aku

Rekasa nyambut gawe

Awan bengi ora dirasakna

Kanggoku

Ora ana siji ing donya iki

Ora ana sing bisa ngetung akehe pangurbanan

Masia karo nyawaku

Donga lan usaha

Mung iku sing taklakoni

Gawe esem lan guyune Ibu

Sepuntene Ibu

Panjenengan mesthine mangkel

Panjenengan mesthine ngamuk

Mung salemba geguritan

Bisa maturnuwun marang pangurbanane Ibu

Wenny Nur Maf'ula

IX-D, SMPN 1 Gondanglegi

MALANG

Kejaba Wenny Nur Maf'ula, sing isi surasane gegayutan karo kekaguman lan pangabekti marang tokoh ibu, uga diwujudake ing geguritan “Nyuwun Pangestu” karyane Reisha Nur Intifadha, SMPN Nganjuk (JB. No.40/ Juni 2010), “Ibu” karyane Nur Wakhidah Mayangsari, SMPN Pilangkenceng, Madiun (JB. No 42/Juni 2010), “Donga Kagem Bapak Ibu” Fritasya RJN, SD Al-Khotimah, Spaen Semarang (JB. No. 15/ Juli 2011), lan “Ibuku” karyane Nurul Widowati, SMPN Mejayan, Madiun. (JB. No. 32/ Maret 2009).

## **2. Ajaran Ngenani Kabecikan**

Karangan kang isine ngenani pitutur utawa ajaran ngenani kabecikan, pitutur supaya dadi bocah iku aja nganti “ngapusi”, aja sombong, kudu sabar, lan nindakake pituduhe agama, yen lunga kudu pamit wong tuwa, lan liya-liyane. Ana cacah 11 karangan, sing wujud ana crita pengalaman lucu, dadi geguritan. Iki bisa disemak ing crita pengalaman:

- “Kesabaran Nggawa Rejeki” karyane Dewi Indah, SMPN 4, Surabaya (JB. No. 43/Juni 2011) nyritakake bocah sing saka sregepe akhire nemokake kabegjan, uga ing
- “Wejangane Simbah” karyane Fritasya RJN, SD Al Khotimah, Spaen Semarang (JB No. 46/Juli 2011) nyritakake pitutur saka wong tuwa, lan
- “Kuwalat Marang Wong Tuwa” karyane Alif Noviana (JB No.47/Juli 2011),
- “Kecebur Got” Indriyani L, SMPN 4 Surabaya (JB. No. 41/Juni 2011),
- “Manungsa”, karyane Sukesu, SMPN Pilangkenceng Madiun (JB. No. 28/Maret 2009),
- “Ngupadi Dununge Adil” karyane Bondan Ramadhan, SDN Kebonsawahan Juwana- Pati (JB. No. 46/Juli 2009),
- “Agama” karyane Puput Putriantika Sandra, SMPN Pilangkenceng Madiun (JB. No. 50/Agustus 2009),

- “Nyawa Kanggo Totohan” karyane Sekar Bias, SMPN Gondanglegi Malang (JB. No. 46/Juli 2008),
- “Pak Tani” karyane Fatoni Kurniawan, SMPN I Mejayan Madiun (JB. No. 30 Maret/ 2009),
- “Toni Bocah Sing Sombong” karyane Sukesni, SMPN Pilangkenceng Madiun (JB. No. 38/Mei 2010).

Bisa disemak karyane Alif Noviana Ismi, Klas VIII, SMPN 4 Surabaya:

## **KUWALAT MARANG WONG TUWA**

Ing dina Sabtu, aku lan kanca-kanca nduweni acara sing ora bisa diganggu gugat. Mulane aku ora oleh mlaku-mlaku karo kanca-kanca. Tapi aku tetep kepingin mlaku-mlaku. Aku dhewe ya bingung. Amarga ibu ora ngolehi, tapi aku kepingin.

Minggu esuk, kanca-kanca wis padha ngumpul ing omahku. Aku, Indri, Sarah, Yuniar lan Ryas padha siap-siap berangkat menyang Kebun Binatang Surabaya utawa “KBS”.

“Ya Allah...! Aku ora tega ndeleng ibu!” batinku ing njero ati.

Aku lan kanca-kanca numpak bemo jurusan Jayabaya. Ing ndalan padha crita ngalor ngidul, kabeh katon seneng.

Sawise tekan terminal Jayabaya, aku lan kanca-kancaku mlaku menyang KBS. Jarak antarane terminal bemo karo KBS mung cedhak. Tekan KBS aku sakanca banjur tuku karcis. Dina iku akeh banget pengunjunge, nganti mlebone suk-sukan. Ketepakan dina iku dina Minggu lan wiwitan preian sekolah.

Aku seneng banget. Mulane papan sing dakjujug sepisan yaiku sisih kidul wetan. Panggonane iwak. Wah!!! Ambune amis. Sakwise aku sakanca ndeleng iwak, langsung ndeleng “pertunjukan kewan”. Seneng banget.

Dina wis awan. Panas banget. Aku lan kanca-kanca langsung njujug panggonan kanggo mangan. Panggonane ana ing njero KBS. Panggonane bisa kanggo lesehan, istirahat, utawa kanggo mangan lan ngombe.

Sabanjure aku lan kanca-kanca mangan ing kono, lan sawise mangan langsung mbayar.

“Astaghfirullah...!!” batinku.

“Dhuwitku ilang. Adhuh...” aku bingung.

“Ana apa Nov?” Sarah takon.

“Mmm...iku. Dhuwitku ilang...!!”

“Ya wis, ngene wae. Dak silihi dhuwit sik. Mengko dibayar neng omah.”

Sakwise mbayar, aku lan kanca-kanca njujug menyang mushola KBS. Aku lan kanca-kanca arep shalat ashar. Pas sakwise shalat, aku langsung ndonga. Ing atiku wis ana rasa sing nggak enak. Iki paling amarga aku ora nurut marang ibu.

“Ya Allah! Ampuni dosaku, Ya Allah!”

Sakwise iku kabeh, aku lan kanca-kanca banjur mulih. Tekan omah, aku langsung njaluk sepura marang ibu. Saiki aku wis sadhar. “Nasihat orang tua itu sangat berharga”.

ALIF NOVIANA ISMI

Klas VIII, SMPN 4 Surabaya

Jl. Tanjung Anom No. 12

SURABAYA

### **3. Atur Panuwun marang guru.**

Kejaba tema mau isine babagan bekti marang wong tuwa, ora lali uga bekti marang guru. Iki bisa diprangguli ing karangan asesirah

- “Guru”, karyane Hani Makartining, SMPN Mejayan (JB. No. 36/ 2009) lan
- “Matur Guruku” karyane Arik Anjar, SDN Ploso I, Pacitan (JB. 20/Januari 2009).

### **4. Ngagumi Alam lan Tetuwuhan.**

Karangan kang isine wujud kekaguman marang alam cukup akeh. Saka kekaguman marang alam saisine iki kang tundhone njur ngucapake rasa syukur marang Gusti Allah.

Contone karangan asesirah

- “Lintang” karyane Erna Rahma, SMPN Pilangkenceng Madiun, (JB. No. 24/Pebruari 2009),
- ”Lintang Kang Endah” karyane Rizky Novitasari, SD Lab. UM Malang (JB.No. 15 Desember 2008),
- “Cakrawala”, karyane Indah Asri lestari, SMPN Gondanglegi Malang (JB. 35/Mei 2011),
- “Mawarku” karyane Eka Aprilia, SMPN Godnanglegi Malang (JB. No. 42/Juni 2008),
- “Kembang Mawar” (JB. No. 34/April 2009),

- “Srengenge” karyane Adyana Ajeng, Kediri (JB. No 19/Januari 2008), “Kembang Melathi” karyane Novianda Fatimah, SDN Pongangan 2 Gresik (JB. No. 13/Nopember 2008).

## **5. Pengalaman Kang Nyenengake**

Sing rupa tema pengalaman iki cukup akeh sing ngirimake. Pengalaman kang nyenengake bisa dideleng ing karangan

- “Tarawih ing Gubernuran”, karyane Fritasya RJN, Spaen Semarang (JB. No.1/September 2010),
- “Piknik Menyang Taman Jurug” karyane Satitining Nurani, SDN 03 Nangsri, Karanganyar Surakarta (JB. No 13/Nopember 2010),
- “Pasar Malem”karyane Cahyaning Yulia Nissa, SDN Gempolkerep Gedeg Mojokerto (JB. No. 17/Desember 2007),
- “Adus Neng Laut Ngampiran” karyane Gupita Zahra LM, SD Muhamadiyah Sepanjang Sidoarjo (JB. No. 07/Okttober 2010),
- “Pit-Pitan Bareng Kanca”, Satitining Nurani SDN Nangsri 03 Karanganyar Surakarta (JB. No. 15/Desember 2010),
- “Dina Riyaya” Fritasya (JB 02-03/Nopember 2010
- “Melu Lomba Ngarang” karyane Fritasya RJN, SDN Al Khotimah Spaen Semarang (JB.No. 27/Maret 2011),
- “Kejutan Ulang Taun” karyane Amalia Nindya Rosita SDN Margomulya, Ngawi (JB. No. 48/Agustus 2009),
- “Melu Olimpiade IPA” Gupita Zahra, SD Muhamadiyah Sepanjang (JB. No. 25/Pebruari 2010),
- “Melu Lomba “Reading Poem” karyane Audrey Marsha, SDN Klegen I Madiun JB. No. 26/Maret 2009),
- “Menyang Jatim Park” karyane Wildan Satriya Wenindra, Mi Miftakhul Ulum, Trowulan Mojokerto (JB. No. 28/Maret 2008),
- “Jebule Entuk Honor” karyane Hillari Dita Regi, SMPN 9, Semarang (JB.No. 40/Juni 2009)

## **6. Pengalaman Ala lan Lucu**

- “Kelangan Pit” karyane Muhammad Ramdani, SMPN I Purbalingga (JB.No. 23/Pebruari 2011),
- “Ketabrak Sepedhah Motor” karyane Bagus, SDN Suko, Sukodono Sidoarjo (JB.No. 25/Pebruari 2011),

- “Kecebur Got” karyane Indriyani Latri Ningrum, SMPN 4 Surabaya (JB.No 41/Jni 2011),
- “Firasat-ku” karyane Dinda Ambarwati, SMPN 4 Surabaya (JB No 52/Agustus 2011),
- “Pethukan Wong Gendheng“ karyane Rizkananda F, SDN Ngadiluwih, Kediri (JB.No 34/April 2008),
- “Wong Bisu Sing Nekad” karyane Nesti C Nagari, MTs N, Model Pare (JB.No. 32/April 2010),
- “Nelangsa” karyane Dela Widya, SMPN 2 Saradan Madiun (JB.No. 28/Maret 2010)

## 7. Ngenani Cita-cita lan Gegayuhan

Sawetara karangan kang dikirimake, isine crita ngenani gegayuhane. Contone karya kanthi judhul

- “Cita-Citaku Dadi Masinis”, karyane Sandhy Suprana, SDN Jepara L Surabaya (JB.No. 28/Maret 2011),
- “Meja Kang Dhuwur” karyane Yovie Eka T, SMPN Negeri Tulangan Sidoarjo (JB. No. 34/April 2010)

### CITA-CITAKU DADI MASINIS

Aku kepingin dadi masinis. Soale aku seneng kereta. Lek kepingin dadi masinis iku kudu pinter sinau, lek ora pinter gak bisa dadi masinis. Masinis iku sekolahe jurusan mesin lan belajare neng Jogya yaiku setasiun Lempuyangan Yogya nang BPTT. Saiki aku wis langganan majalah kereta api (MKA) BPTT iku Balai Pembelajaran Tekhnitrasi. Meh setaun iki aku langganan majalah kereta api. Masinis iku rodok angel. Soale kudu melek terus, ora oleh turu, gak oleh telpon-telponan. Syarat 3 iku sing kudu dipatuhi. Saiki aku dadi “Rail Fans KA” karo “Kompak” (Komunitas Pecinta Kereta Api). Sing tak senengi teka kereta yaiku lokomotipe, soale narik gerbong saka setasiun iki sampek setasiun sateruse. Sing tak senengi kereta jenenge Argo Lawu, Argo Anggrek, Mutiara Timur, bima lan liya-liyane. Muga-muga cita-citaku iku terlaksana temenan. Amin

Sandhy Suprana  
Klas V A, SDN Jepara I No. 90

#### **D. NGARANG BISA NGGUGAH KUWANEN LAN NGUNGGAR PENGALAMAN**

Yen dirunut saka teori sastra, sejatine karya-karyane bocah-bocah sing dikirilmake ing rubrik “Calon Pengarang” Majalah Jaya Baya, kaya conto-conto katur ing dhuwur, iku bisa dilebokake ing golonganane sastra anak.

Kaya kang dijelasake Burhan Nurgiyantoro, “Sastra Anak”, Pengantar pemahaman Dunia Anak, (2010 : 6), nyebutake manawa kang sinebut “sastra anak” iku isi kandhutane winates salaras karo pangertene, emosionale lan psikologi-ne bocah. Ya iki kang dadi kharakteristik sastra anak. Panemune Burhan mau nyebutake mangkene:

...isi kandungan sastra anak dibatasi oleh pengalaman dan pengetahuna anak, pengalaman dan pengetahuan yang dapat dijangkau dan dipahami oleh anak, pengalaman dan pengetahuan anak yang sesuai dengan dunia anak sesuai dengan perkembangan emosi dan kejiwaannya. Sastra anak adalah sastra yang secara emosional psikologis dapat ditanggapi dan dipahami oleh anak, dan itu pada umumnya berangkat dari fakta yang konkret dan mudah diimajinasikan. Ceritera tentang nostalgia yang melibatkan proses emosional yang ruwet dan dengan bahasa yang abstrak, misalnya, adalah ceritera untuk dewasa dan bukan anak. Demikian juga ceritera yang mengandung keputusan, kepatahhatian, politik, atau bernada sinis juga bukan sifat sastra anak. (2010:7)

Salaras karo panemune Burhan Nurgiyantoro ngenani ”sastra anak” kasebut ing dhuwur ing kene mung kepengin negesake, manawa sing jenenge ngarang, tumrap bocah iku pranyata bisa dadi sarana kanggo ngunggar pengalaman lan uneg-unege, cita-citane kang nyenengake bisa nggugah kuwanen, lan bisa kanggo ngunggar lan nyritakake pengalaman sing nate dialami. Jalaran sejatine donyane bocah mau mujudake donya kang nyenengake.

Lan sing paling penting, kanthi kegiatan ngarang bisaa didadekake salah sijine cara murih bocah nyenengi basa Jawa. Ing kahanan basa Jawa kang kaya kentir ombyake jaman lan ndadekake bocah-bocah sing kurang kapercayan marang basa Jawa, kudu ana sawijining media sing bisa kanggo nglepasake kabeh pengalamane. Salah sijine yaiku “ngarang”. Mula kanthi gagasan kaya mangkono, ing Jaya Baya dibukak rubrik anyar kanthi jeneng “Calon Pengarang”. Ing pangajab, yaiku: bocah-bocah (utamane siswa SD lan SMP) bisa ngirimake tulisan - tulisan arupa: geguritan,

tembang, pengalamane lucu, lan liya-liyane. Sing penting lumantar rubrik iku menahi ajang kang ombor kanggo bocah-bocah kanggo ngetokake uneg-unege nggunakake basa Jawa. Siswa kang ngirimake ora perlu wedi basa Jawane salah, sing penting ing kene kepriye murih padha seneng ajar nulis nggunakake basa Jawa.

Lan iki mbutuhake panyengkuyunge kabeh pihak, kalebu wong tuwa ing omah, para guru, supaya ora waleh anggone ajak-ajak, supaya para putrane, para muride gelem ngirimake crita karangane kang nggunakake basa Jawa, menyang majalah Jaya Baya.

## **E. DUDUTAN (KESIMPULAN)**

dedalane guna lawan sekti,  
kudu andhap asor, wani ngalah luhur wekasane,  
tumungkula yen dipun dukani,  
bapang den simpangi, ana catur mungkur

Ing jaman biyen pengaruh saka njaba ora mbanjir kaya saiki. Kanthi nggunakake tembang para guru nduweni pamrih kepingin nothok “lawanging rasa”, lamun dalane dadi wong pinunjul, linuwih, utawa dadi sekti kang bisa ditegesi pinter, iku kudu nduweni jiwa luhur, unggah-ungguh lan budi pekerti becik. Tumrap bocah biyen isine tembang iku bisa rumesep temenan, marang guru anane mung manut mituhu. Yen jaman saiki, guru kudu drodosan kringete marga ngulir budi golek cara kepriye anggone nglebokake nilai-nilai “budi pekerti” lan unggah-ungguh” mau, utamane kanggo nanggulangi pengaruh negatif tayangan-tayangan TV, internet, VCD, lan liya-liyane sing bisa wae nrobos menyang kamare bocah tanpa kulanuwun luwih dhisik. Coba digalih, apa ya isih ana ing jaman “bocah tumungkul” nalika didukani? Apa maneh “ana catur mungkur”, bisa malah kosok baline, disrengeni malah mbantah, mendeliki gurune. Iki dadi tantangan kang ora entheng.

Ning, yen nyemak saka karangan-karangane bocah-bocah sing katur ing rubrik ”Calon Pengarang” bisa dideleng lamun bocah-bocah tanpa sadhar wis bisa belajar babagan nilai-nilai “budi pekerti”, bocah wajib bekti marang wong tuwa, ora oleh sombong, kudu nresnani alam lan tetuwuhan, kudu bekti marang guru lan liya-liyane.

Ing pamungkase atur, saka pengalaman nangani rubrik “Calon Pengarang” dakaturake usulan supaya bisa direkomendasi, yaiku:

1. Para kang kawogan, kudu ngakehake lomba-lomba ngarang, utawa j kegiatan apa wae gegayutan karo basa jawa utamane kanggo mbangun kuwanen tumrap bocah anggone nggunakake basa Jawa.
2. Ngarang basa Jawa tumrap bocah bisa dadi sarana kanggo nyengkuyung pendidikan karakter, bisa ndhedher winih budi Jawi.

Mligi kanggo ndhidhik bocah-bocah murih ora kelangan Jawane, kudu ana medhia khusus (mligi) yaiku majalah anak, sing bisa nampung karya-karyane bocah-bocah.

Nuwun,  
Sidoarjo, 2011

## **F. DAFTAR KAPUSTAKAN**

- ◆ Nurgiyantoro Burhan, 2010, Sastra Anak, pengantar pemahaman Dunia Anak” Gajah mada University Press
- ◆ Widodo Basuki, “Kiat mengarang Berbahasa Jawa’, 2006, Makalah Bengkel Sastra.
- ◆ Widodo Basuki, 2006, ature Redaksi Jaya Baya, “Bapang, Bathang, lan Tayangan “Smack Down”
- ◆ Widodo Basuki, 2008, “Plus Minus Java Day”, artikel metropolis Jawa Pos.

## **BIODATA PENULIS**

### **WIDODO BASUKI**

Tempat/Tgl. Lahir : Trenggalek 18 Juli 1967  
 Pendidikan : Sarjana Sekolah Tinggi Kesenian Wilwatikta  
 Surabaya,  
 IKIP PGRI Surabaya.  
 Pekerjaan : Redaktur Pelaksana, majalah Jayabaya.

- Ketua Komite Sastra Dewan kesenian Surabaya (DKS) periode 1998 - 2003
- Tahun 1999 pernah diundang Dewan Kesenian Jakarta, membacakan kumpulan guritannya Layang Saka Tlatah Wetan (1999) di Taman Ismail Mazuki bersama dengan Djajus Pete yang membacakan crita cekak dan Poer Adhi Prawoto membawakan cerita lisan..

### **Karya-karyanya dalam antologi bersama:**

- Ayang-Ayang Wewayangan (PPSJS, 1992),
- Pisungsung (1995),
- Drona Gugat (1995)
- Untaian Melati (1996),
- Negeri Bayang-Bayang (1996),
- Festival Sastra Jawa Blitar , (1995)
- (Tes... (Taman Budaya Jawa Timur, 1997),
- Luka Waktu ( Taman Budaya Jawa Timur, 1998)
- Wulan Sedhuwuring Geni ( Yayasan Obor Jakarta, 1999),
- Liong ( Taman Budaya Yogyakarta, 1999)

### **Karya pribadi:**

- Gurit Panantang (Kumpulan geguritan, 1993) pernah dibaca di Dewan Kesenin Surabaya dan Aula Deppen Kodya Blitar tahun 1993,
- Menak Sopal Dan Buaya Putih (cerita anak-anak, diterbitkan PT Citra Jaya Murti, 1997)
- Orang-orang Berpeci, Geger Kalirungkut (naskah Drama),
- Kesaksian Satu (naskah wayang kentrung), Layang Saka Paran (kumpulan geguritan, Media Gambar, 1999),
- Medhitasi Alang-Alang (kumpulan geguritan, Sanggar Zuhra gupita, 2004)
- “Bocah Cilik Di Uber Srengene” kumpulan geguritan (2011)

### **Beberapa kertas kerja:**

1. Sastra di Media Berbahasa Jawa di Era 1990-an.
2. Makalah Kongres Bahasa Jawa III, Yogyakarta, Juli 2001
3. Ajak-Ajak Bocah Nulis Guritan, Apa (isih ) Bisa?
4. Makalah Seminar Sastra dan Bahasa Jawa untuk guru-guru SD se-Kodya / Kabupaten Blitar tanggal 26 Agustus 2002
5. Menulis Geguritan Dengan Bahasa Sederhana. Materi “Bengkel Sastra Jawa”, guru-guru SD kodya Mojokerto, kerjasama Balai Bahasa Surabaya - Kantor Dinas Pendidikan dan Kebudayaan Kota Mojokerto, Mei 2002.
6. Belajar (lagi) Berbahasa Jawa Untuk Media Berbahasa Jawa (Kiat menembus majalah Jawa). Materi “Bengkel Sastra Jawa” , siswa SLTP

Se- Kodya Surabaya, kerjasama Balai Bahasa Surabaya– Taman Budaya Jawa Timur, 7-9 Oktober 2003

7. Menggali, meyakini, dan Menulis puisi Jawa dari “Sesuatu” Yang “Langka”, Pengantar apresiasi sastra SMAN-6 Surabaya, 6 Maret 2004
8. Menulis Geguritan Membedah Kesaksian, Pengantar apresiasi geguritan, Teater Satu, Jurusan Bahasa dan Sastra Indonesia UNNES Semarang, 9 Juni 2005
9. Dari Puisi ke Musikalisasi Puisi, Pengantar Apresiasi Seni, Mahasiswa STIKOM Surabaya, 1 Oktober 2005
10. Peranan Majalah Berbahasa Dalam Pembelajaran Bahasa Jawa, Makalah Kongres Bahasa Jawa IV, Semarang, 2006
11. Reposisi Nimai-Nilai Tata Krama Bagi Generasi Muda, Dialog Budaya Jawa Timur 2009 “Menegakkan Moralitas Bangsa Melalui Budaya”, Balai Pelestarian Sejarah dan Nilai Tradisional Yogyakarta – Dinas Kebudayaan dan pariwisata Praopinsi Jawa Timur.
12. Muatan Lokal Dalam Mendongeng, Workshop Guru TK/SD, Dinas Pendidikan Propinsi Jawa Timur. 2010.

#### **Beberapa penghargaan yang pernah diraih:**

1. “Lumantar Koperasi, Ndadekake Wong Cilik Bisa Gumuyu” Juara I Jurnalistik
2. Perkoperasian Departemen Koperasi Jawa Timur , 1993
3. “Guritan Pari Sawuli” Juara I Naskah Guritan, DepdikBud Jawa Timur 1996.
4. “Cak Dul lan Maimanah” , Juara harapan II Lomba Crita cekak Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta tahun 1998.
5. “Layang Saka Paran” (Kumpulan Guritan Pribadi) mendapat penghargaan Sastra “Rancage” tahun 1999.
6. Crita cekak “Supinah”, termasuk crita cekak 10 terpilih yang dimasukkan dalam antologi crita cekak “Liong, Tembang Prapatan.” Taman Budaya Jogjakarta. 1999.
7. "Njaga Banyune Sendhang" Juara I Naskah Dongeng, Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY) dan Lembaga Kajian Budaya Surakarta, 2002.
8. "Kudhi Bujel" Juara Harapan I Naskah Crita Cekak, Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY ) dan Lembaga Kajian Budaya Surakarta (LKBS), 2002.
9. Mendapat Penghargaan Seniman Berprestari dari Gubernur Jawa Timur, tahun 2004
10. Juara I Jurnalistik Pariwisata Jawa Timur 2008

11. Juara III Jurnalistik Pariwisata Jawa Timur 2009
12. Juara II Lomba “Cerpen Bernafaskan Panji” 2010, Dewan Kesenian Jawa Timur – Dewan Kesenian Jombang.